# ДОСЛЫҚ ҚУЯШЫ ХАҚҚЫНДА ҚОСЫҚ




# ПЕСНЯ О СОЛНЦЕ ДРУЖБЫ

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ДОСЛЫҚ ҚУЯШЫ ҲАҚҚЫНДА ҚОСЫҚ

**Қарақалпақстан АССР ының 60 жыллық мерекеси мүнәсибети менен Ўатанымыздың туўысқан халықларына қарақалпақ халқының алғыснамасы**

# ПЕСНЯ О СОЛНЦЕ ДРУЖБЫ

**Благодарственное послание каракалпакского народа к братским народам нашей Родины в связи с празднованием 60-летия Каракалпакской АССР.**

www.ziyouz.com kutubxonasi

К—2
Ю—94

Алғыснама хатты жазып шыққан

*Қарақалпақстан халық шайыры*

**Ибрайым Юсупов**

*Р*ус тилине аўдарған

*Өзбекстан Ленин комсомолы сыйлығының лауреаты*

**Раим Фархади**

Благодарственное послание написал

*народный поэт Каракалпакии*

**Ибрагим Юсупов**

На русский язык перевел

*поэт, лауреат Ленинского комсомола Узбекистана*

**Раим Фархади**

Ю $\frac{4803010000-27}{М357 (04) 85}$ пр85

© „Қарақалпақстан" баспасы 1985

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДОСЛЫҚ ҚУЯШЫ ҲАҚҚЫНДА ҚОСЫҚ

Бултсыз аспандағы қуяш нурындай.
Дәрья мәўжи, теңиз толқынларындай,
Бийигиндей асқар-асқар таўлардың,
Жазықлығы яңлы кең далалардың,
Қайнар булақлардың суўындай таза,
Нандай ҳадал ҳәм де гүлдей азада
Перзентлик сәлемин жоллаймыз саған,
Қабыл ет, әдиўли анамыз Ўатан!
Уллы семья үлкен үйде шалқыған
Бахытлы ел—қарақалпақ халқынан
Қабыл ет бул жүрек алғыснамасын!
Бул қосық ардақлар дослық қуяшын.

* * *

Ақ отаўлар тигип Әмиў бойына,
Биз жыйналдық бахыт, дослық тойына.
Даңқлы мийнет ери пахтакеш халық,
Шигит сепкен жерден „ақ алтын" алып,
Ҳасыл байлық пенен сыйлап Ўатанын,
Шашлап үйди ақ пахтаның қырманын.
Салыкеш—сары алтын байлық ийеси,
Мәртлик пенен толы олардың иси.
Атызда қалдырмай ырыс масағын,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дослық палаўынан табақ жасады.
Балықшылар, даңқлы шарўалар келди,
Қаўын, түрли жемис, мийўалар келди.
Ақшам Тақыятастан нурлаиды аспан,
Мәрмер сарай салды усталар тастан.
Сазенделер бүлбиллерге қосып үн.
Шайырлар әкелди йошлы қосығын.
Бәлентке тигилди дослықтың туўы,
Қыз-келинлер—айдын көлдиң ақ қуўы.
Ғошшақ жигитлери бизиң үлкениң
Хызметке тақ турды нық буўып белин.
Ең зийрек балларды мингизип атқа,
Шақыртыўшы жолладық биз жән-жаққа.
Туўысқанлар келди жақын-жуўықтан,
Ақ бақкур үй тиктик алтын уўықтан.
Гүл жупарын сеўип босағасына
Ҳәм де ҳәр отаўдың маңлайшасына
Жазып қойдық: „Қонақ—атаңнан уллы!“
(Жақсы нақыл мың жыл өтсе де қунлы).
Бир шаңырақ астында шағлап отырып,
Шадлық жамын шарапларға толтырып,
Әтирапында дослық дастурханының
Биз тост көтеремиз қуўанып бүгин:

Туўған анамыздың анасы Ўатан,
Гүллене бер, мәңгиликке бол аман!
Ерлик мийнетимиз, ар-ҳүжданымыз,
Жүрек муҳаббаты ҳәм де жанымыз,
Бар ақыл-ҳуўышымыз саған арналар,
Мойында перзентлик парызымыз бар.
Қарар көзимизсең сен бизиң нағыз,
Кирпик болып, шаң түсирмей бағамыз.
Кеўил төримизде қәстерлеп сени,
Өсер мақтанышттың жасыл емени.
Бир үркер шоғында жанған жулдызлар,—
Қушағында жасар бахытлы халықлар.
Ҳәр халықтың өз орны, өз аты бар,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәр бириниң таўдай инабаты бар.
Бәринде бир мақсет, бир тилек, бир жан,
Бәрине бир қуяш теңдей нур шашқан.
Барлық жоллар Москваға апарар,
Барлық халықлар оған сүйсинип қарар.
Данк—абырайың ҳәммелерден зыяда,
Азатлық жолында бул кең дүньяда
Халықлар үмит жулдызым дер өзиңди,
Әдиллик самалы желпир жүзиңди.
Жаса, бахыт, дослық, теңлик Уатаны,
Азат халықлардың еркли аўқамы!

Биз тост көтеремиз бахыт тойыңда,
Алғыс айтып уллы партиямызға.
Айдын саррас жолың, әдалат күшиң,
Сендеги ленинлик даналық ушын,
Халықлар шексиз муҳаббатын арнаған,
Туўысқан партиямыз, рахмет саған!

Уллы Октябрьдиң алтын таңынан
Бахыт жылнамасын баслаймыз мудам.
Азатлық, әдиллик дүньясына даңк,
Оның мәңги сөнбес қуяшына даңк!
Сол қуяштан нур жуўыртып тоқылған
Қызыл байрақлардың ҳәр катламынан
Көринип турады қарасаң қай ўақ,
Данышпан Лениниң дийдары жайнап.
Халықлардың уллы көсемге деген
Алғыслары шалқар теңиздей терең,
Толқынласып узақ жағалықларда,
Миллионлар кеўлинде жасайды бәрҳа.

Қолда ҳаўаз берип шадлық кәсасы,
„Ленинлик дослығымыз мәңги жасасын!“
Деп тост көтергенде дослық тойында,
Бир семьялық сезим—бир тасқын дәрья



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәўижлениң, күш берип ҳәр жүрекке,
Қуйылғандай бир теңиз—бир тилекке,
Усы бир семьялық әдиўли сезим,
Жеңилмес қүдиретли күшимиз бизиң,
Айнымас дослықтың салтанаты бул,
Ленинлик даналық шарапаты бул!

* * *

*Уллы рус халқы кәрўанбасымыз,*
Үлкен үйде үлкен отағасымыз,
Тойларда ең сыйлы төримиз саған,
Жүреклерде алғыс гүлимиз саған!
Азатлық ҳәм бахыт ушын гүрескен,
Октябрьдиң таң нурына илескен
Гүллән халықлар саған шексиз миннетдар,
Уллы Россияны „анам" деп сыйлар.
Ол—бесиги халықлар азатлығының,
Бизге үйретти гүресшеңлик уғымын.
Дүньяға келтирип Ленин дананы,
Рус халқы ашты жаңа дүньяны.
Оның ҳақлық, мийрим қуяшына даңқ,
Батыр рабочий класына даңқ!
Бул халықтың минезине қарасаң,
Дурыслық, мәртлигине тәсийин қаласаң.
Тик қарап шынлықтың суўық жүзине,
Ең зор аўырманлық алар өзине.
Онда Прометейдиң ерлик, шыдамы,
Антейлер қуўаты, мәртлик, ҳүжданы.
Бул халықта Ленин даналығы бар,
Кишипейиллиги, ағалығы бар.
Әдиллик, жақсылық оның ураны,
Дослық ушын жан бер десең турады.
Невский, Суворов ертеде өткен,
Ерлик дәстүрлерин үйретип кеткен.
Азатлық ҳәм әдилликтиң жолында,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Теңсиз қаҳарманлық рух бар онда.
Ол Матросов болып оқ жолын тосар,
Ол Гагарин болып космосқа ушар.
Жаўызлық „диз бүк" деп буйырса қатал,
Ол Карбышев болып музлаўға таяр,
Пушкин ҳәм Толстой ақыл данасы,
Сөзине ийилген адам баласы,
Уллы Горький, Маяковский қәлеми
Жаўлап алды пүткил дүнья әлемин.
Уллы рус тили—шынлықтың тили,
Терең ақыл, инсаныйлықтың тили.
Беккем дослық, туўысқанлық тили ол,
Ҳәммеге нур шашқан кеўил гүли ол.
Планетаның барлық түпкирлеринде,
Ганг бойлары, Анголаның елинде,
Рус тилин ықлас пенен үйренер,
Бул тилден ленинлик шынлықты көрер.
Рус халқы, бахтымызға аман бол,
Даңқ—абырайда жулдызлы кең жаҳан бол!

* * *

Туўысқан Украина, саған әссалам!
Мәрт ҳәм гөззал Киев—даңқлы бас қалаң.
Көпти көрген уллы елсең азамат,
Абырай, мәртебең ҳаўалы Карпат.
Бахыт бандурасы жаңлар дәстинде,
Кобзарь әрман еткен заман үстинде.
Тәғдир айдап келгенде ол Аралға,
Халық муңын муңлаған зарлы заманда.
Жаңа дәўир шайыр ўәсиятын алды,
Басқан излеринде гүллер ырғалды.
Украина, гүллен, алғыслар болсын,
Ығбал Днеприң мәўжирип турсын!

* * *

Жасайбер, Беларусь—арқаның гүли!
Батырлықта теңсиз партизан ели.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаўыз душпан саған басып киргенде,
Фашистлерге қарсы урысқанбыз бирге.
Хатынь естелиги — жүрек жарамыз,
Сен шад болсаң, ҳәммемиз шад боламыз,
Ақ бийдайлы Полесье жайлары,
Көк сүзген Нарочань қарағайлары.
Заманның ең дәркар жүклерин тасып,
„БелАЗ“ларға жаҳан жоллары ашық.
Янка Купаланың қосықларындай,
Ғайрынағысларға бай елсең сондай.
„Сябрь“ деген сөзиң „шын дослық“ демек,
Бизиң бәримизде бир жан, бир тилек.

* * *

Әссалам қуяшлы Өзбекстанға!
Ақ алтын мәканы, сулыў бостанға.
Күншығыстың мақбал ақшамларында,
Аспанға сер салып қарасаң, сонда—
Ең жақты жулдызлар еркеси Ҳулкар[1],
Пүткил дүнья оны көриўге иңкар.
Даңқлы Ташкент бунда жаҳан есиги,
Күншығыста инқылабтың бесиги.
Самарқанд ҳәм Бухараны көрмеге,
Жети иқлым қуштар бунда келмеге.
Өзбек халқындағы ақыл ҳәм зейин,
Берунийден тартып бүгинге дейин,
Қанша руҳый ғәзийнелер жаратқан,
Хорезмийге алгебра санатқан.
Бул халықтың мийнет сүйгишлигин айт,
Жердиң тилин жетик билгишлигин айт.
Хорезмниң алтын ойпатларынан,
Гөззал Ферғанадан, Әндижанынан
Абаданлық турмыс ғәззелн жаңлар,
Бул елде жасаўшы билгир дийханлар
„Ақ алтын“ ның даңқын жайып жаҳанға,
Ҳасыл қырман жасап берер Ўатанға.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзбек барған жерде бағлар түрленер,
Мырзашөл, Қаршыдай шөллер гүлленер.
Ҳөнерде ол „Бәҳәр" ансамблиндей.
Шайырлықта Ғафур. Айбек тилиндей,
Сулыўлығын Шығыс ҳаялларының
Зульфия лирасы жырлайды бүгин.
Заман бул халыққа зор ҳүрмет сақлар,
„Өзбек—өз ағам" дер қарақалпақлар.
Әзелден тарийхый тәғдиримиз бир,
Жер, суў, қайғы—шадлық, дәстүрмиз бир.
Бердақ Наўайыдан ашсалар саўат,
Ҳамза Хожелиден ашқан интернат.
Көп зейинли исте ол устаз бизге,
Мийирбанлық етер ол барлық гезде.
Жағалаймыз бир дәрьяның жағасын,
Саялаймыз бир шынардың саясын.
Пахта терсек, бир қырманға үйемиз,
Бирге мийнет етип, дәўран сүремиз.
Саў бол, абырай шерик ағамыз мудам,
Өзбекстанымыз, шан—шараф саған!

* * *

Сәлем ханалас ел Қазақстанға!
Бирге бармыз тарийхларда, дәстанда.
Қарақалпақ жаңа отаў тиккенде,
Иргесин қаласып, колластың сен де.
Туўысқан ағалық азаматлығың
Талай жеңиллеткен өмиримиз жүгин,
Абай сөзин, Қурманғазы күйлерин
Ядқа билер қарақалпақ үйлери.
Кеўлиң кең даладай болымлы елсең,
Тынларың миллиардлы егинли елсең,
Менделеев таблицасын қарасаң,
Жериңнен ҳәммесин таўып аласаң.
Сен соныңдай кең иргели, бай елсең,
Шарўаға жай, төрт түлиги сай елсең.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Корабльлер космосқа жол тартқанда,
Байқоңырдан старт берилер бәрҳә,
Алма атаның апорт алмасы қусап,
Гүллен қазақ ели, шадлықта жасап!

* * *

Сәлем Грузия—гөззал Гуржустан!
Таўлы елсең көркиңе көз қамасқан.
Руставелиден баслап мың жыллар бойы,
Шайырлар тәриплеп болмаған сени.
Кура, Арагвидиң жағаларында,
Жасыл алап Рион далаларында.
Ширеге мәс шийрин жүзимликлериң.
Шаршасақ ишемиз шайынды сениң.
Гүлленген Батуми, Абхаз жерлери,—
Қара теңиз жағасының гүллери.
Жер жәннети Грузия, бол аман,
Йошлы қосық, шадлы дәўранлар саған!

* * *

Қардашлық сәлеми Әзербайжанға!
Каспий мәнзилинде сәўлели таңға,
Баку гүрлеп жатар,—әжайып шәҳәр.
Мәңгилик от—жигирма алты комиссар...
Бурқылдаған қара алтын мунайы,
Хазәр гөззалындай сулыў шырайың
Самед Вургун жырлап көп тәрип еткен,
Саз-сәўбет өнери ҳәммеден өткен.
Пахтаны „памығ" деп кәстерлеп егер,
Дастурханға шийрин жүзимин төгер.
Низамий ўатаны, Ўағиф әрманы,
Гүллене бер, совет Әзербайжаны!

* * *

Көк теңиз бойында қулпырған дияр,
Не сулыўлық десең Литвада бар.
Неман жағыслары, Вильнюс отлары,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Дослық қушағына шақырар бәри.
Донелайтес жырлаған „төрт мәўсимлер",
Жаңа турмыс бәҳәринен гүлленер.
Туўысқан ел, алтын жағысларыңнан,
Жаңлап турсын шадлы қосықлар мудам!

* * *

Ләззетбағыш дойна жаңласа мудам.
Ойнап кетер танца билмеген адам,
Саз-сәўбет ҳәм мийнет гармониясы,
Саў бол даңқлы совет Молдавиясы!
Қуяштың мол нурын емген жерлериң,
Дүньяға белгили жүзимликлериң,
Йошлы шарап усын досларыңа сен,
Туўысқан жүректен жоллаймыз сәлем!

* * *

Ким билмес әжайып Латвияны,
Балтик бойлаўының янтарь—маржаны.
Даңқлы Рига, қызыл атқышлар ели,
Гүрес тарийхына көп жазған сени.
Сени фашизмнен азат етерде,
Абдуллаев болып, айқастық бизде[2]
Райнис әрманы иске асқан ел,
Дослық семьясында мәңги гүллей бер!

* * *

Сәлем ақ қалпақлы қырғыздың ели!
Алатаўдан жаҳан көреди сени.
Ыссық көлдей толы ырыс-несибең,
Қойлар булттай көшер таўлар төсинен.
Елсең Суўсамырдай қымыз сапырған.
Токтағул ГЭС—инен нурың шашылған.
Руҳы бай елсең Манас жырындай,
Шыңғыс Айтматовтың китапларындай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Саў бол Тәжикстан—Памир палўаны!
Ўахш ҳәм Ҳиссардың баба дийханы.
Жериң кәни болды жипек пахтаның,
Ели жүйрик тилли Турсынзаданың—
Тасқын таў суўларын Нурекке қамап,
Асаў тәбияттан алар нур, қуўат.
Рудакий, Фирдаўсий даналар аты,
Тәжиктиң мың жыллық мәденияты
Қәстерленер дунья ғәзийнесинде,
Таўдай бәлентлик бар мәртебесинде.

* * *

Көрсең Матендаран китапханасын,
Әрменлердиң бай руҳый дүньясын.
Бул әййемги халықтың билмегени жоқ,
Тарийх жолларында көрмегени жоқ.
Енди көрсең бир әжайып бостан бул,
Гүлленген советлик Әрменстан бул,
Арараттың алтын ойпатларында,
Жаңа Наири бағы қулпырар онда.
Туманян қосығы онда жаңлаған,
Озық өнер ели таска гүл ойған.
Ардақлайық ишип дослық булағын,
Қуй алтын кәсаға әрмен шарабын!

* * *

Бир халық бар Горуғлыдай гүрлеген,
Ол қуяш перзенти, баҳадыр түркмен.
Копетдағдан келер беглик саўлаты,
Қара қумды гүллендирер ғайраты,
„Ақ алтын" өндирер, газ, нефть қазар,
Арғымақ атлары самалдан озар.
Гилемлери—шын сулыўлық гүли ол,
Шайырлықта дана Мактымқулы ол.
Шөллерге орнатқан әжайып бостан,
Саў бол күн перзенти, мәрт Түркменстан!

www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Көргиң келсе бир қызықлы дүньяны,
Арала советлик Эстонияны.
Таллин-таза турмыс, тарийх дәрбенти,
Сулыў Саарема—теңиз перзенти.
Озық мәдeният, шадлы өмирден,
Дәстандағы батыр Калев тирилген.
Бунда бир ансамбль болып бар халық,
Бахыт қосығын айтар намаға салып.

* * *

Россия—бауыры кең анамыз.
Мийрим сүтин емип қуўат аламыз.
Оның кең салалы далаларында,
Шалқар теңиз жуўған жағаларында,
Қанша халық, қанша қәўимлер жасар!
Бир үй перзентиндей бәри бахтияр.
Дана Ленин дәслеп башқурт, татарға
Автономия берип, қосты қатарға.
Қазан ҳәм Уфаны келсеңиз көрип,
Ильичтиң изи жатар теберик.
Едил бойларында турмыс гүллеген,
Индустрия ҳәўиж алып гүрлеген,
Бунда тасқын нефть булағы қайнап,
КамАЗ—лар жүк тасыр планета бойлап.
Озық ойлы, мийнет сүйгиш адамды,
Ҳәмме халыққа тендей шадлы заманды
Тоқай аңсап, Муўса Жәлил жан берген,
Жыр нәўбети Мустай Кәримге келген.
Россияның узақ далаларында,
Әжайып еллер бар: чуваш, мордва,
Онда мари, коми, дала буряты,
Удмурт, хакас, алтай, туба араты,
Алмас ғәзийнели Якутия бар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шөл перзенти қалмақ, Карелиялар.
Суўын өсириўши чукчиден тартып.
Саны аз болса да, несибеси артық.
Арқа Осетия, таўлы Дағыстан,
Кабардин-балкарлар зәнги қағысқан,
Ҳәр қайсысы бир сулыўлық дүньясы,
Бир лекин бәриниң Ўатан анасы.
Аман болсын бул өриси кең еллер,
Бахытлы ел, тәрезеси тең еллер.
Даңқлы шайырлары Ғамзатов, Қайсын,
Ўатан даңқын жырлап, дүньяға жайсын!

* * *

Әмиўдиң Аралға қуярлығында,
Үстүрт, Қызыл қумға шығарлығында,
Екпе гүллер менен шөл жуўсанынан
Жупар ийис таратып самаллар мудам,
Өңиринде қара таллар шайқалған,
Атызында пахта, салы ырғалған,
Әтирапында шарўаға жай шөли бар,
Ақ сазанлы, нар қамыслы көли бар,
Бир дәўлетли үлке кәмалға келди,
„Қарақалпақстан“ десер бул елди.
Гүжим саясына дәрья бойына,
Ақ отаў тигиўли қутлы жайына.
Бул отаўды қарақалпақ халқына
Дана Ленин арнап тиктирген бунда.
Бул үйде татыўлық қут-берекет мол,
Бахыт, дослық, туўысқанлық үйи ол.
Бул үйде жасаўшы адам бахтияр,
Бунда сексен халық перзенти жасар.
Бунда жатырқамас адам-адамды,
Мақсети—гүллентиў ана—Ўатанды.
Өзбек, қазақ, рус, қарақалпақ пенен
Бирге мийнет етер интимақ пенен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мүддәҳасы, тилек, ойлары да бир,
Ар-намыс, абырайы, тойлары да бир.
Ҳәр ким мийнетинен сый-ҳүрмет табар,
Бунда барлық тилде қосықлар жаңлар!

Азат халықлардың семьясында
Еркин қарақалпақ халқыиа сонда,—
Автоиомия бернп қуўанткан заман,
Қутлықлап туўысқан халықлар қоллағаи.
Таң нурынан жайнап жүзимиз жарық,
Қутлы шаңырақ болдық таза хожалық.
Қурултай шақырып Төрткүл шәҳәрде,
Аяқ бастық жаңа турмыс бәҳәрге.
Иске асты езнлген ел әрманы.
Бердақтың аңсаған әдил замаиы.
Шағлап Аяпберген. Сейфулғабитлер,
Халық шадлығын йошып жырлады шебер.
Ныпқырт етип елде жамай жаўларын,
Жәбдилесип бирге атқардық бәрин.
Москвадан келдн мәрт большевиклер,
Жаңа турмыс ушын қызды гүреслер.
Ташкент, Қызыл Орда ағалық еттн,
Не мүтәжлнк болса жәрдем көрсетти.
Елден басшы сайлап мухтариятқа[3],
Досназаровларды мингизди атқа[4].
Колхозға бирикти дара хожалық,
Дәрьядан тас тарнаў,—жана сағa алып,
Қызкеткен, Пахта арна уллы каналлар,
Халық жапырылып қазды, дүзелди ҳаллар.
Өгиз қостан өттик тракторларға,
Санамыз жаңарып, бөленди нурға,
Қәнигелер келип илим үйретти,
Жаслар топарласып оқыўға кетти.
„Қызыл отаў" ашып аўыл-жабанда,
Ликбез хат таныгты „қара табанға",
Ескнлик пердеснн жулып тасладық,



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Газет басып, тил шығара басладық“[5]
Қасым Әўезовлар талпынып бийик,
Пушкин қосықларын аўдарды сүйип.
Жас талантлар әдебият жаратты,
Әбдираман сахна нурын таратты.[6]
Грушкина ҳәм Жумагүл апалар,[7]
(Тепериш белсенди қыз болған олар)
Еркинлик, теңликке баслап қызларды,
Жаңа турмыс ушын гүрес апарды...
Бул айтылған туңғыш талўас ислери—,
Қуралыў дәўириниң көринислери,
Оннан бери қанша мәҳәллер өтти,
Заман алға өрлеп, бийиклеп кетти.
Бул көринисти уллы әйям күнинде
Еске алмақ лазым, дослар, бүгинде!...

* * *

Дүньяға даңқ жайған уллы Ўатанда,
Жулдызға жол салған жаңа заманда
Айдын социализм гүзары менен
Қарақалпақлар да алға өрлеген.
*Бийик коммунистлик сана-сезимге*
Суўғарылған ой-өрис бар өзинде.
Мийнет десе, сыбаныўлы билеги,
Ўатан деп шәўкилдеп соғар жүреги.
Халықлар дослығынан күш-қуўат алар,
Жерлеринде бахыт гүли ырғалар.
Шөллерге орнаған жаңа бостан бул,
Әму гүли Қарақалпақстан бул.
Тойға келген әзиз мийманлар, келиң,
Аралаң бүгинги қарақалпақ елин!
Барлық жерде шығып жолларыңызға,
Нан-дуз ҳәм гүл тутып қолларымызға,
Сизди күтпектемиз кеўиллер шалқып,
Мың ирет еситкеннен, бир көрген артық!...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мәрмер лифас кийген миймандос шәҳәр,
Нөкисти көрмеге ҳәмме қарыйдар.
Дәл ортада Ленин естелигине
Ең шырайлы гүллер қоямыз мине!
Бул гүллерде уллы көсемге деген
Шексиз миннетдарлық сезим гүллеген.
Бул сезим жүректе теңиздей тасар,
Ленин идеясы мәңгиге жасар.

Және бир естеликке гүл қойылмақта:
Жаңа заман ушын шайқасқан ўақта,
Мәртлик гүреслердиң даңқын сөйлер бул,
Жас Советти қорғап жан бергенлер бул...

Мине гранитте мәңги от жанар,
Үнсиз жылар бунда мунис аналар.
Батыр Мамутов ҳәм Нурпейисовлар
Гастелло ерлигин тәкирарлап олар,
Ўатан азатлығын, ел топырағын
Баспасын деп иплас фашист аяғы,
Бахытлы келешек гүл жайнасын деп,
Сиз бенен биз бүгин той тойласын деп,
Қаи майданнан қайтып келмеди олар,
Бас ийер бул жерде барлық әўладлар...

Сол уллы гүреслер жемиси яңлы,
Парахат, шад турмыс қутлықлар таңды.
Рабочийлар сменаға асығар.
Мектеп жолы—көше толы балалар,
Даңқлы қурылысшылар сулыў жайлардың
Дийўалын көтерер бул жерде ҳәр күн.
Жас университет бунда билим сарайы,
Бунда бар филиал—илим орайы.
Бунда қәлем тербер йошлы шайырлар,
Сахналары турмыс шынлығын ойнар.
Бул үлкеде жоллар, барлық соқпақлар



www.ziyouz.com kutubxonasi

Усы жерге сизди әкелер олар
Гүллен жас пайтахт Нөкис шәҳәри,
Келсин гөззал келешектиң бәҳәри!

Дийхан әўладымыз бизиң бәримиз,
Пахтакешлик баслы кәсип-кәримиз.
Төрткүл, Беруний ҳәм Әмудәрьяда,
Хожелиде ҳәм де Елликқалада, ·
Кегейли, Шоманай, Шымбай елиинде
Даңқлы пахтакеш көп халықтың тилинде.
Ҳәмме сыйлар Нарбай, Мәталилерди,[8]
Олар әрўанадай ийдирер жерди.
Амангүл ҳәм Айым, Пердегүл, Тохта,
Шырайлы гүллер көп қарақалпақта.
Мәртлик хызмет пенен сыйлап Ўатанын,
Жаңадан жазғандай „Қырық қыз“ дәстанын.
Көрсең салы атыз пидәкерлерин,
Өтенияз, Оңғарбай мийнет ерлерин,
Қоңырат, Қара өзек, Нөкис, Тахтадан
Олардың хызметин еллер мақтаған.
Шөл патшасы яңлы мәрт шарўалар бар,
Самбай менен Кәрхан, Қаршығалар бар.
Теңиз мәрти-Мойнақ балықшылары,
Ақмаңғыт бағманы, палызшылары
Турмысқа не керек,—атыздан алған,
Жеримиз жайыўлы бир кең дастурхан,
Сол дастурхан әтирапында отырып,
Шадлық шарабына кәса толтырып,
Биз тост көтеремиз тойларда бүгин,
Мийнеткеш халқымыздың саўлығы ушын!

Жулдызға жол ашқан арасат заман,
Халықлар өмир сүрсин тыныш ҳәм аман.
Сәлем социалистлик дослық еллери!
Жаңа турмыс, жаңа бәҳәр гүллери.
ГДР дан алыс Кубаға шекем,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Қолға кол усласып бирликте беккем,
Халық бахытын, еркинлигин әдиўлеп,
Айдын жолда алға барасыз өрлеп.
Тилеклеспиз Никарагуа халқына,
Гүресшең еллердиң ерлик салтына,
Палестина дәрти, Лнван азабы...
Гүллән ҳақ нийетли инсан ызалы:
Океан артындағы урыскумарлардың
Дүньяда үстемлик нийети бүгин
Пүткил планетаға қәўип туўғызбақта.
„Менменге—заўал" дер халықлар бирақта...

Жасай бер, құдиретли советлик Ўатан!
Әдиллик дүньясының берик қорғанысаң.
Ҳеш болдырмаў ушын атом апатын,
Ушырмаўға першинглердиң қанатын,
Парахат өмир ушын дүнья жүзинде
Жаҳан халықларының үмити сенде.
Үстемлик көрсетип бадабат пенен,
Ким лоқ урса абай-сиясат пенен,
Биз емес ондайдан сескенип буғар,
Бирақ ураныымыз: „Жоқ болсын қурал!"
Урыстың аты өшсин планетадан,
Халықлар тыныш, татыў қатнасып мудам,
Азатлық ҳәм бахыт дәўранын сүрсин,
Бултсыз аспанда күн жадырап турсын,
Және де гүлленсин сүйикли Ўатан,
Сәлем, коммунистлик келешек саған!

www.ziyouz.com kutubxonasi

[1] Ҳулкар—Үркер жулдызы.
[2] Абдуллаев Орынбай—Советлер Союзының Қаҳарманы.
[3] Мухтарият—автономия мәнисинде.
[4] Досназаров Аллаяр—Қарақалпақстан партия шөлкеминиң тұңғыш басшысы.
[5] „Газет басып, тил шығара басла ды"—Аяпберген шайырдың қосығынан.
[6] Әбдираман Өтепов—Қарақалпақ театрына тийкар салыўшылардың бири, драматург, актер.
[7] Антонина Грушкина, Жумагүл Сеитова—Қарақалпақстан ҳаял-қызларынан шыққан тұңғыш активисткалар.
[8] Нарбай Розумбетов, Өтенияз Турымбетов, Оңғарбай Курбаниязов, Самбай Хошмуратов, Амангүл Сапарбаева, Айым Камалова, Пердегүл Розымова, Тоқта Якубова—Социалистлик Мийнет Қаҳарманлары, Мәтали Емжаров—пахта устасы, Кәрхан Жиенбаев, Қаршыға Кенжебаев—атақлы шопанлар.



www.ziyouz.com kutubxonasi





www.ziyouz.com kutubxonasi

www.ziyouz.com kutubxonasi

Словно солнце в небе яркое, лучистое,
Как река широкая, полноводно чистая,
Как вершины светлые высочайших гор,
Как в степи, разбуженной по весне, простор,
Как из сердца бьющие родники заветные,
Как хлеба священные, как цветы рассветные,
Дорогая Родина,—мы, сыны твои,
Шлем тебе сегодня все слова любви!
Есть семья счастливая-братская семья,
В ней Каракалпакия-наша мать-земля.
Солнца дружбы светят нам ясные лучи,
Взвейся песня радости, громче зазвучи!

Ставим юрту новую над рекой Аму,
Гости все, пожалуйте к дому вы тому!
На большой, на праздничный той друзей зовет
Неустанный труженик, хлопкороб-народ.
Стали „белым золотом" зерна в борозде,
Тонны полновесные, Родина, тебе!
Героизма, мужества высится хирман,
Изобилья нашего гордый караван.
Пусть украсит блюдо ароматный плов.
Встретите на празднике знатных мастеров.
Рыбаки и славные наши чабаны,
Мудрые садовники-их плоды видны,
Небо озаряется тобой, Тахиаташ.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Сделали строители краше город наш,
Певцы и музыканты-искусства соловьи,
Поэты вдохноаенно прочтут сгихи свои.
Выше волны праздника, радостный салют.
Вот уже красавицы, как лебеди плывут.
Лихо подпоясаны юные джигиты,
В деле расторопны, в пляске знамениты,
Самые умелые садятся на коней,
Мчат в края соседние созывать друзей.
Наши юрты убраны пестрыми коврами,
Ласкают взор пороги, открыты перед вами,
А над косяками чеканные слова:
„Гостю долгожданному-отцовские права!"
Хороша пословица-тыщу лет живет.
Песней сердце полнится, песнь летит вперед!
Мы под одною крышею за общим дастарханом
Наполним кубок радости вином благоуханным.
Сыновья и дочери-встанем во весь рост,
Скажем самый первый, наш заздравный тост:
Родина великая-матерей всех мать.
Вечно тебе здравствовать, вечно расцветать!
Наша честь и совесть ты, полдень трудовой.
Полнится дыхание лишь тобой одной.
Присягаем праведным именем твоим,
Верность бесконечную свято мы храним.
Ты для нас, как ока вечная зеница,
Мы же, как ресницы, пыли не пробиться!
Родина-ты мира и добра оплот.
В сердце древо гордости за тебя растет!
Как сияют звезды золотых созвездий,
Мы в твоих обятьях, мы навеки вместе.
У народа каждого—доблестное имя,
Делом каждый славен, крыльями тугими!
Многие народы ты объединила—
В этом наша правда, в этом наша сила.
Нас одно большое согревает солнце,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Солнце нашей дружбы—так оно зовется.
И ведут дороги все в Москву у нас,
И глядят с любовью миллионы глаз
На тебя, Отчизна, на твои рассветы,
Ты—надежда, совесть, утро всей планеты,
Овевают ветры матери лицо.
Смотрит вдаль и видит очень далеко,
Здравствуй, наша Родина, наш Союз прекрасный—
Счастья, созидания, равенства и братства!
И на нашем празднике светлою волной—
Благодарность, здравица партии родной,
Ты—в борьбе окрепшая боевая гвардия,
К цели нас ведущая Ленинская партия!
За дорогу верную и за свет в судьбе
От души спасибо мы говорим тебе.
С Октября великого, нам зарею ставшего,
Начинаем летопись возрожденья нашего
В добрый час восхода рухнул ночи гнет,
Получил свободу трудовой народ.
В переливах знамени, соткан из лучей,
Миру образ Ленина виден все ясней.
В море человеческом тем светить лучам,
Расходиться волнами к дальним берегам.
Льются животворные, щедрые лучи.
О вожде, о Ленине гордо песнь звучи!
Ручейки сливаются в реки и моря,
Тем сравнимы с нашими судьбами не зря.
Мы—в семье единой, выше счастья нет.
Претворен достойно ленинский завет,
Воплощенье зоркой мудрости его—
Нашей братской дружбы торжество!

* * *

О, народ великий,—старший русский брат,-
Так тебе с почтеньем братья говорят.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Чтоб очаг наш дружеский ярче полыхал,
Ты у нас на празднике главный аксакал.
Мы в знак уважения и любви к тебе,
Все цветы весенние принесли тебе.
Знамя революции реет над тобой,
Вел нас в наступление, смело шел ты в бой.
Одолели вместе мы не один подъем.
Русь, Россию матушкой знаючи зовем.
Колыбель свободы ты, русская земля.
Подняла народы ты, на борьбу зовя.
Нам дала ты Ленина, жизнь преобразив.
Новый мир открыла ты, троны сокрушив.
О, народ великий,—всем народам брат, .
Стойкостью, душевностью, дружбою богат.
Трудолюбьем славится твой рабочий класс.
Добротой и щедростью восхищает нас.
Тяжесть принимает он большую на плечи.
Сколько в нем величия, силы человечьей!
Непоколебимостью—гордый Прометей,
Мощью необъятною—истинный Антей.
Ленина решительность, твердость, прямота,
И его улыбчивость, скромность, простота,
Поделив по-братски с другом хлеб и кров,
За него и в воду, и в огонь готов.
Невский и Суворов—это их завет:
Только в правом деле достигать побед,
А ударят грозы—дух его не сломят,
Как Матросов, пули бег он остановит.

Он построит город и взлелеет колос.
Как Гагарин, первым путь откроет в космос.
Преградив дорогу хищной вражьей стае,
Несгибаем станет, Карбышевым станет!
Пушкина, Толстого гордый гений в нем,
И уходит слово в даль за окоем...
Горький, Маяковский—это их перо



www.ziyouz.com kutubxonasi

В людях воспевает смелость и добро.
Братства, человечности, истинно велик,
Русского народа, наш родной язык!
Он собой питающий многих рек исток,
Сердце озаряющий пламенный цветок,
Кто стремится другом быть тот язык поймет —
Будь то Ганга берег иль ангольский порт.
Мудрой правды ленинской верный проводник,
Как народ могуч он, как народ велик.
Ты идешь со славой, старший русский брат.
Пусть же звезды счастья над тобой горят!

* * *

Украина братская, наш тебе салам!
Киеву прекрасному, многим городам.
Бури испытавшая и свинцовый град—
Слава твоя звонкая выше гор Карпат.
Ты—с бандурой счастья. Солнцем залита.
Ныне стали явью Кобзаря мечта.
Он гоним судьбою, видел наш Арал.
Он бедняцкой доле думы посвящал.
Заповедь поэта в памяти у нас.
Там цветы живые, где прошел Тарас.
Украина милая-долы да луга,
Словно Днепр широкий, счастья берега!

* * *

Здравствуй, Белоруссия! Ты—цветок Полесья.
Край наш партизанский. Ты звучишь как песня.
Против силы вражьей был твой гнев неистов.
Здесь с тобою вместе били мы фашистов
Колокол Хатыни слышен сквозь года.
Встала ты из пепла, снова молода!
Сосны нарочанские высоки, лучисты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Нива золотая—житница Отчизны.
С грузами эпохи движутся БелАЗы,
На важнейших трассах их узнаешь сразу.
Словно песнь Купалы, расцвели купавы,
Вышивкой узорной—и цветы, и травы.
По законам братства мы живем и дышим,
Говорим „Сябры“ вам—
„Шын дослык“ услышим!

* * *

Ассалам, край солнечный, наш Узбекистан!
Край „белого золота“, дивный сад-бустан,
Синий бархат неба над тобой всегда,
Среди звезд Востока ты—Хулькар звезда.
Дружбой возрожденный, миру шлет привет
Наш маяк высокий, близкий всем Ташкент,
Здесь в начале века битва началась,
За Восток свободный, за Советов власть.
Своды Самарканда, стены Бухары—
Мудрости бессмертной щедрые дары.
Ты, народ узбекский, миру подарил
Столько незакатных, редкостных светил.
Беруни творенья, книги Хорезми,
Дедов наставленье—быть во всем людьми.
Трудолюбьем славен сын земли твоей,
Речь он понимает рек, долин, степей.
Ширь полей Хорезма, Ферганы сады,
Нива Андижана—здесь твои труды.
И звучат газели новых, гулких дней,
О величье цели, о весне твоей.
Ты в труде упорен, крепок, как гранит,
Твой душистый хлопок всюду знаменит.
Сын земли проходит и его следы—
На былых барханах юные сады.
И в степях Каршинской или Мирзачульской



www.ziyouz.com kutubxonasi

Путнику не страшен долгий зной июльский.
Знает о „Бахоре" каждый человек.
Чтят у нас Гафура, дорог нам Айбек.
И неповторима лира Зульфии,
Красоты творенье, нежности любви.
Славен путь узбека. Что узбек—свой брат,
Так каракалпаки часто говорят.
Судьбы их едины, радость и беда.
Делятся по-братски хлеб, земля, вода.
Грамоте учился Бердах у Навои,
Пел для всех народов песни он свои!
В Ходжейли открывший школу—интернат,
Был и наш учитель, был Хамза—наш брат!
В жизни мы проходим берегом одним,
Под одной чинарой за столом сидим.
Собираем хлопок мы в один хирман
Говорим по праву: наш Узбекистан!
Славься, добрый брат наш, век не уставай.
Славься плодородный, заповедный край.

* * *

Шлем тебе привет наш, братский Казахстан!
Мы сложили вместе не один дастан.
Ты каракалпаку выстроить помог
Остов первой юрты, добротой широк.
И в степи бескрайней выручал не раз,
Чтоб огонь в той юрте, никогда не гас.
Слова Абая и песни Курмангазы
В каждем нашем доме знают наизусть
Сердце твое звонкое, словно степь просторная,
Тем зерном, целинным, миллиардом гордое.
Не сочтешь сокровищ, что земля взлелеяла.
Недра твои—целая таблица Менделеева.
Строятся в дали степной чудо—города.
Чабаны несметные здесь растят стада.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Корабли стартуют с Байконура ввысь.
Сколько ни любуйся, сколько ни дивись,
Век не налюбуешься красотой твоей.
Наливайся яблоком, вечно молодей.
Мы тебе желаем хорошеть, цвести.
На просторе этом доброго пути!

* * *

Дочь Кавказа Грузия—Гуржустан прекрасный,
Гор страна, с улыбкою женственной и ясной!
О, поэтов сколько—здесь от Руставели
До певцов сегодняшних—все тебя воспели!
Вот Кура бурливая и Арагви шумная,
Средь полей Риони—песня многострунная.
Соком виноградники своим опьянены.
Пьем твой чай душистый, бодрости полны.
И в цветах Батуми виден край, Абхазский.
Возле моря Черного радужной сказкой!
Рай земной, взращенный Грузии руками.
Ты звучи мелодией, расцветай садами!

* * *

Шлем Азербайджану солнечный салам,
Шлем привет чудесным этим берегам.
Гордо комиссары встали у огня,
Революционную выправку храня.
Весь в лучах весенних ты, Баку, красив.
Зеленью Хазара, кроной тонких ив.
Бьют, не уставая, нефти родники.
Хлопкового края песни нам близки.
И на дастархане сладок виноград.
И стихи Вургуна у нас в сердцах звучат.
Родина Вагифа, песня Низами,
Будь всегда цветущей, наш поклон прими!



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Ты—Литва красавица. Возле моря синего
Вся полна сияния ты неугасимого!
Будь то берег Немана иль проспекты Вильнюса—
Ты неповторимою и волшебной видишься.
Все вокруг мелодии, ритмы Донелайтиса
В гимн труда свободного, в гимн весны сливаются.
Солнцем дружбы край прекрасный озраен,
Ты поешь о счастье. Пой всегда о нем!

* * *

Дойны жизнерадостный лишь польются звуки—
Сразу в пляс пускаются старики и внуки.
Это ты—гармония танца и труда,
Солнца край, Молдавия, как ты молода!
Светом напоенные лозы виноградные,
Грозди их отмечены многими наградами.
Земли плодородные. Закрома полны.
Расцветай, Молдавия! Ты—сестра весны.

* * *

Здравствуй, край чудесный древних мастеров,
Что янтарь шлифуют с балтских берегов.
Рига! Перед взором—красные стрелки,
Отважные подпольщики и большевики.
Смерти не боясь, фашистов побеждая,
Вместе с латышами шел наш Абдуллаев[1].
Стали светлой явью Райниса мечты,—
Латвия, сегодня расцветаешь ты!



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

В белоснежных шапках, сторона киргизская—
С Алатау вся видна, сердцу очень близкая.
Чашей изобилья Иссыккуль глубокий.
Тучами отары среди гор высоких.
Сусамыр—рекою твой кумыс течет.
Песни Токтагула любит наш народ.
И звучит поныне вековой „Манас".
Он в Чингиза книгах—золотой запас.

* * *

Богатырь ты памирский о, Таджикистан,
Вахша и Гиссара сын, родом из дехкан.
Как уздой, плотиною обуздав Нурек,
С дикою природою спорит Человек.
Тонковолокнистого хлопка дивный край,
Соловья речистого, край Мирзо,[2] сияй!
Гений Рудаки живет и Фирдоуси.
Каждый строки их прочтет, хоть кого проси.
Глубока, верна, пряма жизни колея,
Будто горы высока, брат, судьба твоя!

* * *

Кто в хранилище входил сокровенных книг,
Кто в Матенадаране был, сразу тот постиг,
Сколько горьких бед испытал народ.
Но жива Армения, и она цветет.
Отряхнула с плеч покров горестей, потерь,
Стала цветником она сказочным теперь.
Видит Арарат седой блеск родных долин.
Бережно растит сады здесь Наири сын.
Здесь из камня мастера красоту творят.
Песни Туманяна здесь на устах звучат.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Нашей дружбы бьет родник иа земле святой.
Зреет винограда гроздь—золотой напиток твой.

* * *

Гордый, словно Кероглы, в мире есть народ.
Это солнца сын—туркмен, так бахши поет.
Настоящий богатырь—Копетдага стать,
Где пройдет, цветам весной там благоухать.
В Каракумах—нефть и газ, хлопок на кустах.
Скачет полем аргамак на семи ветрах.
Как отточен и красив тот узор ковров,
Словно слов Махтумкули, музыка стихов.
И преодолен в пути не один бархан.
Так не уставай идти, брат Туркменистан!

* * *

Как широк родной страны ясный небосвод:
Солнце над Эстонией в этот час встает!
Таллин—город каменный, видится вдали.
Здесь дороги сходятся моря и земли.
Как рыбак Сааремы мужественный, молодой,
Здесь народ отзывчивый, мирный и простой.
Калев—древний богатырь будто ожил в нем.
И, вставая в круг, поет он весенним днем.
Улицы поющие, реки и поля.
Хороша Эстония—добрая семья!

* * *

Землю хлебосольную—взором не объять ее,—
Величаем с гордостью мы Россией—матерью.
И леса высокие, и поля привольные,
Реки те молочные, и моря раздольные!
Сколько же народов, собрано племен



www.ziyouz.com kutubxonasi

На земле российской с четырех сторон!
У большого древа тысяча корней.
У большого древа тысяча ветвей.
И для всех народов звездный час настал:
Это—край башкиров, это—Татарстан.
Был декрет подписан ленинской рукой:
Жить семьей единой, право быть собой.
Улицы Казани, площади Уфы,
Слышатся над ними Ильича шаги.
Берега Эдиля—это жизнь сама
Корпуса заводов, новые дома.
Нефть по трубам льется, путь ее далек,
И гудят Камазы—витязи дорог,
Лишь трудом свободным славен человек,
Веком возрожденья стал двадцатый век.
Был мечтой Тукая, подвигом Мусы,
В нем поют Мустая гулкие часы.
Ширь полей России, небо синева.
Край да край—чуваши, чукчи и мордва.
Рядом дом удмурта, дом хакасца тут.
За горой—алтаец, севернее—якут.
Самолет взлетает—тундра под крылом.
Дальше—дом карела, и калмыка дом.
Есть здесь край алмазный и таежный край,
Тянется дорога, сколько ни шагай.
Горы Дагестана, где народ постиг:
Хоть и мал числом он, но судьбой велик.
Это—дом арата, осетинца дом,
Дом балкара—брата, кабардина дом.
В каждом—воплощенье света, красоты.
И у всех единая мать—Отчизна. Ты—
Вещая Россия. И лицом светла
Окна ты раскрыла, крылья нам дала!
Будем как Гамзатов и Кайсын, любя,
Петь о том, что свято, воспевать тебя!



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Где Аму стремится к берегу аральскому,
Небеса синеют над песками красными,
Где ветра лихие и Устюрта стынь,
Где благоухают розы и полынь,
Ветви карагала над водой колышатся.
И в просторе хлопковом гул машинной слышится,
Рисовые чеки, пастбища стомильные,
В камышах озера, рыбою обильные.
Где веками пишется края биография,
Этот обновленный край ты—Каракалпакия!
Белой юртой счастья, силой удивительной
Ты из тьмы дымящейся поднялась стремительно.
Ты по воле Ленина на земле построена.
Юрта белостенная—это наша родина.
И под сводами ее—мир, добро, согласие.
Восемьдесят цветников новый дом украсили.
Человека человек в юрте не чуждается.
И почетом по труду каждый награждается.
Вот плечем к плечу стоят русский и казах,
И узбек, сосед и брат, и каракалпак!
Устремления одни, выверен маршрут.
Неотложные дела нас повсюду ждут.

* * *

В этот час торжественный,
В праздничный твой час
О творцах родной земли, о тебе рассказ.
Ты, Каракалпакия, на просторах лет
Много знала тягостей и кровавых бед.
Ветрами не сломлена, и, согрев дотла,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тропкой, бездорожьем ли—ты свой груз несла.
Стала автономией. Время то пришло.
Озарилась матери скорбное чело.
Проведен в Турткуле был Первый Курултай.
И встречал весну свою, пробуждался край.
Встал рассвет, как знамя ал.
Чувствуя восход,
Зерна первые бросал в почву наш народ,
Пели и Аяпберген, и Сейфулгабит
Утро славных перемен и великих битв.
Рыскали вокруг враги—бешеные псы
И не ведали, что их считаны часы.
К нам направила Москва удалых сынов.
Большевистской партии ревностных бойцов.
Верные товарищи помогли тогда
Бескорыстно - и Ташкент, и Кызыл-Орда.
Первого старейшину избирал бедняк:
„Мы за Досназарова!"[3]—все решили так.
Скоро слово новое в быт вошло: колхоз.
Он обьединил крестьян и плоды принес.
Споря с дикою Аму, воздвигали вал,
Прорывали Кызкеткен и Пахта—канал.
Стал хозяином судьбы человек простой,
Вел он вместо омача так трактор бороздой.

* * *

Вновь лучом приветствует землю новый день.
И холодной ночи растворилась тень.
Вот идут рабочие смену начинать.
Дети возле школы собрались опять.
На урок торопятся. Прозвенел звонок.
Вот на стройке каменщик взял свой мастерок.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Там—обитель знаний—университет.
Всюду в окнах здания молодости свет.
Дом академический—это центр наук.
Спорят литераторы, собираясь в круг.
Росписи узорные.
Роз цветущий куст.
Магистрали новые—это наш Нукус.
Щедрая, степная, день за днем растущая,
Ты столица наша, в новый день идущая!

* * *

Мы дехкане родом. Край у нас хлопковый.
Хлопок драгоценный, он всему основа.
Беруни, Турткуля мастерам хвала.
Ходжейли в почете и Элликкала.
Над Амударьею, Кегейли, Чимбаем
И над Шуманаем знамя поднимаем!
Знаем рудознатцев хлопковой земли:
На ударной вахте Нарбай и Матали[1].
Амангул, Айим, Тухта и Пердегул—
Все клады пред вами край наш распахнул.
На кустах коробочки солнце налились.
Первые учителя—
факел знаний в их руках.
Крах невежества и тьмы, заблуждений крах.
В „Красной юрте" по ночам грамоте учились мы.
Чтобы в дне грядущем праведной страны
Выросли счастливыми их сынов сыны,
Принося героям все цветы весенние,
Головы перед ними склоняют поколения.
Слову странному „ликбез" больше не дивились мы,
Первые листы газет.
Первой книги переплет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Был теперь в краю у нас, рос читающий народ!
Просветителем прослыл
Авезов. Он творил.
На язык родных степей Пушкина переводил.
Режиссер Абдираман
тайны сцены постигал.
Юный трепетный талант первые стихи слагал.

Гурушкина и Жумагул[5] (в звонкие года,
Девушками смелыми были вы тогда),
Поднимали сверстниц вы в бой за новый быт.
Эхо славной той поры до сих пор гудит!
Были первые шаги, первые ростки.
Верно, бег неумолим времени-реки.
Но картины давних дней надо помнить нам
И сверять свой труд по ним, будто по часам.
Помнить эти имена в дни торжеств больших,
С уважением всегда говорить о них.

* * *

Слава нашей Родины—слава всепланетная.
Честная и гордая, звездная, победная!
Флаг социализма реет над страной.
Средь республик братских—и наш край степной.
Вот в спецовке девушка шагает на завод.
У станка огромного становится, поет,
Засучив в работе смело рукава.
Ты, Каракалпакия, сегодня такова!
Дружба дарит силу звонкую тебе.
Ты, в сады выходишь утром по тропе.
На степных массивах выросли сады.
Ты—Каракалпакия. Здесь твои труды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Вот аральский берег. Сто дорог-путей.
Мы на той,
на праздник кличем всех друзей:
Гости дорогие, ожидаем вас,
Всюду хлебом-солью повстречаем вас!
Чем сто раз услышать, лучше раз взглянуть.
Гости, вместе с вами мы продолжим путь!

* * *

В мраморе, в граните город братских уз.
То столица края—город наш Нукус.
В центре величавый памятник Вождю.
К Ленину с цветами жители идут,
Те цветы и в стужу возле Ильича.
В них любовь, как пламя жизни горяча.
Самый человечный, людям всё родней,
Негасим вовеки свет его идей!

* * *

Плиты обелиска тоже все в цветах
Тем, кто смертью храбрых пал в лихих боях.
Тем, кто мать-Отчизну от фашистов спас.
Пал за революцию, за Советов власть.
На ветру колышется, бьется пламя вечное.
Причитают матери—горе бесконечное.
Сын-герой Мамутов, Нурпеисов—сын.
А над ними Родины золотая синь!
Смертью смерть поправшие, на таран шли смело,
Совершили подвиг так же, как Гастелло.
Сборщицы—красавицы из эпоса „Кырк-кыз"!
Рисоводов тоже велики труды:
Оигарбай, Утенияз—маяки страды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Славятся умельцами наши города:
И Кунград, Караузяк, и Нукус, Тахта,
Повелителям степей—чабанам салам!
Каршига, Самбай, Кархан—долгой славы вам!
Моря труженик—рыбак, пусть улов растет.
Крупные растит плоды щедрый садовод.
Трудный и прекрасный край нам на счастье дан,
Пусть раскинется земля, точно дастархан.
Славим руки мастеров и мечты полет,
Тост наш главный за тебя, труженик—народ!

* * *

Наше время звездное и тревожно—мглистое,
Время созидания и борьбы за истину.
Время дерзких поисков, огневого мужества.
Стран социализма прочного содружества!
И от ГДР до Кубы берегов—
Всюду миллионы пламенных борцов
За свободу, равенство, мир на всей планете.
И призыв наш слышится. „Мы за то в ответе!"
С народом Никарагуа солидарны мы,—
Прочь, враги коварные, вороны зимы!
Горе Палестины и Ливана боль.
Патриот, ты помни, сердцем мы с тобой!
А за океанские гангстеры войны
Забывать историю в злобе не должны,
Над нейтронной бомбою,
день и ночь колдуя...
Кто посеет ветер,—тех сметает буря!

* * *

Вечно здравствуй, Родина—страна Советская!
Крепость справедливости самая чудесная.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Катастрофы ядерной не допустишь ты,
Не позволишь „першингам" растоптать цветы.
Чтобы тучи злые солнца не затмили,
Мощь крепишь стальную, думаешь о мире.
Рубежи надежно все защищены,
Но одно желанье: „Не хотим войны!"
Пусть вражда любая сгинет навсегда.
Нам нужна планета мира и труда.
Под счастливым небом, люди, будем жить,
Радостно встречаться, радостно дружить.
Расцветай, Отчизна, и шагай вперед.
Здравствуй, коммунизма солнечный восход!

---

[1] Абдуллаев Урынбай—Герой Советского Союза.

[2] Мирзо Турсунзаде—таджикский советский поэт, лауреат Ленинской премии.

[3] Аллаяр Досназаров—из первых секретарей Каракалпакской областной партийной организации.

[4] Нарбай Розумбетов, Матали Емжаров—известные хлопкоробы.

[5] Антонина Гурушкина, Жумагул Сеитова—первые активистки женского движения в Каракалпакии.

www.ziyouz.com kutubxonasi

*На каракалпакском и русском языках*

**Ибрагим Юсупов**

**ПЕСНЯ О СОЛНЦЕ ДРУЖБЫ**

*Издательство „Каракалпакстан"*

*Нукус—1985 г*

ИБ № 2708

Редакторы К. Каримов Р. Жапакова
Художник И. Кдыров
Худ. редакторы К. Рейпназаров
Тех. редакторы З. Алламуратов.
Корректоры А. Аташева.

**Тернўге берилген ўакты 10/IV—1985-ж Басыўға рухсат етилген ўақты 22/VII—1985-ж. Қағаз форматы 70х108[1]/[32] Көлеми 1,375** баспа табақ, **1, 92** шәртли баспа табақ **1,5** есап баспа табақ.
Тиражы 1000 Заказ № 719 Баҳасы 20 т. РК 30175

„Қарақалпақстан" баспасы. 742000. Нөкис қаласы, К. Маркс,9

ҚҚАССР Баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша мәмлекетлик комитетиниң „Правда" ның 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты. 742000. Нөкис қаласы. К. Маркс көшеси № 9.

www.ziyouz.com kutubxonasi